

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG REKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun di kelas VIII C SMPN Wanayasa Kabupatén Purwakarta taun ajaran 2015/2016, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Modél Pangajaran Kooperatif Tipe CIRC dina pangajaran maca wawacan dilaksanakeun dina dua siklus. Dina siklus I kagiatan pangajaran geus bisa dilaksanakeun saluyu jeung rarancang pangajaran anu geus ditangtukeun. Kaaktipan, antusias siswa nalika maca wawacan jeung prosés pangajaran sacara umum geus bisa diungkulan, tapi nalika guru ngabagi kelompok, jeung pamahaman siswa dina nangtukeun unsur-unsur intrinsik wawacan masih tapan maksimal. Aya sababaraha siswa nu ngarasa éra jeung loba heureuy nalika migawé pancén kelompok nu ngabalukarkeun kurang éféktifna kagiatan pangajaran. Dina siklus II kagiatan pangajaran geus bisa dilaksanakeun saluyu jeung rarancang pangajaran anu geus ditangtukeun. Kagiatan pangajaran karasa leuwih éféktif dibanding kagiatan pangajaran dina siklus I. Siswa geus teu éra deui jeung leuwih seurius nalika migawé pancén kelompok sarta siswa bisa nangtukeun unsu-unsur intrinsik dina wawacan.
- 2) Modél Pangajaran Kooperatif Tipe CIRC bisa ngaronjatkeun hasil diajar maca pamahaman wawacan siswa. Ieu hal bisa katitén tina ngaronjatna hasil diajar siswa ti mimiti tés pra-panalungtikan, tés siklus I nepi ka tés siklus II. Hasil diajar maca pamahaman maca wawacan siswa dina pra-panalungtikan.
- 3) Modél Pangajaran Koopertif Tipe CIRC bisa nyiptakeun suasana diajar anu pikaresepeun. Ieu hal bisa katitén tina partisipasi jeung aktivitas anu ngaronjat dina unggal siklus. Dina siklus I, siswa geus mimiti daria jeung

seuricus pikeun maca wawacan, siswa geus mimiti aktif pikeun méré kontribusi dina kelompok (CIRC) pikeun ngadiskusikeun atawa nangtukeun unsur-unsur intrinsik nu nyampak dina wawacan nu dibacana. Lian ti éta, kagiatan pangajaran anu dilaksanakeun ogé geus kawilang éféktif jeung pikaresepeun, lantaran ku cara nyieun kelompok leutik, waktu leuwih éfisién. Sanggeus siswa maca wawacan tuluy ngeusian soal tés pikeun nguji pamahaman ku cara diskusi jeung babaturan sakelompokna, tuluy merséntasikeun hasil jawaban kelompokna dihareupeun babaturan nu séjén (kelompok séjén). Dina siklus II, siswa bisa leuwih aktif dina méré kontribusi nalika diskusi jeung babaturan sakelompokna nangtukeun unsur-unsur intrinsik nu nyanpak dina wawacan nu dibacana, pangajaran bisa leuwih éféktif jeung pikaresepeun siswa lantaran waktu henteu loba kacontang. Siswa leuwih kondusif nalika pangajaran kumangsung.

## 5.2 Rékomendasi

Sabada diayakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran maca wawacan kalawan ngagunakeun modél pangajaran kooperatif tipe CIRC, aya sababaraha rékomendasi saperti ieu dihandap.

- 1) Tina hasil panalungtikan, modél pangajaran kooperatif tipe CIRC bisa digunakeun salaku alternatif modél pangajaran nu bisa ngaronjatkeun kamampuh maca wawacan atawa kamampuh maca nu séjén.
- 2) Guru kudu leuwih kréatif dina kagiatan pangajaran sangkan siswa leuwih sumanget jeung leuwih fokus nalika pangajaran lumangsung sarta guru kudu bisa nyiptakeun suasana diajar nu pikaresepeun. Salah sahiji carana nya éta ngagunkeun modél pangajaran CIRC.
- 3) Dipiharep ayana panalungtikan séjén ngeunaan larapna modél pangajaran kooperatif tipe CIRC, dina matéri maca pamahaman wawacan atawa matéri pangajaran liana.